**Шымбай районының 2023-жылғы жергиликли бюджет параметрлери ҳаққында мағлыўмат**

Итибарыңызға Өзбекстан Республикасының 2022-жыл 30-декабрь күнги "2023-жыл ушын Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик бюджети ҳаққында"ғы ЎРҚ-813-санлы Нызамына тийкар 2023-жыл ушын тастыйықланған Шымбай районының жергиликли бюджет параметрин усынбақшымыз.

2023-жыл 3-март күни Халық депутатлары Шымбай районлық кеңесиниң VI-49-34-13-192-К/23-санлы шешими менен районның 2023-жылғы жергиликли бюджет параметрлери яғный қәрежетлер бөлеги жәми 195 млрд 786 млн 992 мың сўмға белгиленип тастыйықланды. Соннан жергиликли бюджет дәраматлар режеси 37 млрд 535 млн 610 мың сўм ҳәм жергиликли бюджетке ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлер-ара трансфертлер муғдары 158 млрд 251 млн 382 мың сўм етип белгиленди.

2023-жылға режелестирилген жәми **37 млрд 535,6 млн сўм** жергиликли бюджет дәраматлар бөлегиниң дәрамат түрлери бойынша төмендегише:

Салық ҳәм салықсыз түсимлери есабынан **18 млрд 957,0 млн** сўм болып соннан:

- суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық 1 млрд 193,0 млн сўм;
- физикалық тәреплердиң жер салығы 9 млрд 800,0 млн сўм;
- физикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық 2 млрд 200,0 млн сўм;
- юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық 1 млрд 197,0 млн сўм;
- юридикалық тәреплердиң жер салығы 1 млрд 827,0 млн сўм;
- айланбадан алынатуғын салық 860,0 млн сўм;
- исбилерменлик пенен шуғулланыўшы физикалық тәреплердиң қатаң белгиленген салығы 1 млрд 240 млн сўм.
- жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын (недра) салығы 140 млн сўм.
- меншиклестириўден белгиленген салық 500,0 млн сўм.

Мобиль байланыс хызметлери, алкоголь өнимлери ҳәмде темеки өнимлери ушын акциз салықлары бойынша жергиликли бюджетке өткерип берилетуғын бөлеги жәми **18 млрд 578,6 млн сўм** болып соннан:

-Алкогол өнимлери бойынша 7 млрд 516,0 млн сўм;

- Мобиль байланыс хызметлери бойынша 3 млрд 223,9 млн сўм;

-Темеки өнимлери бойынша 7 млрд 838,7 млн сўмға белгиленди.

Район жергиликли бюджетиниң дараматлар базасын исенимли дереклер тийкарында жанеде көбейтиўде ҳәммени тәртипли салық төлеуши болыўға шақырамыз. Себеби салық төлемлериниң өз ўақтында ҳәм толық төлениўи районның социал-экономикалық дәрежесиниң көтерилиўине, халықтың жасаў шараятларын буннан былайда жақсылаўға хызмет етеди.

Бюджет қәрежетлериниң социаллық тараўларға бағдарланғанлығы 2023-жылда да саклап қалынды ҳәмде халықтың турмыс абаданлығын асырыўға үлкен итибар қаратылды.

2023-жылға режелестирилген жәми **195** млрд **786 млн 992** мың сўм муғдарындағы жергиликли бюджет қәрежетлер бөлеги тараўлар кесиминде төмендегише белгиленди.

Социаллық тараў ҳәм социаллық қоллап-қуўатлаў қәрежетлери жәми 147 млрд 185 млн 115 мың сўмды қурайды,

*соннан:*

- улыўма билимлендириў тараўына 12 млрд 588 млн 668 мың сўм;
- мектепке шекемги билимлендириў тараўына 11 млрд 123 млн 810 мың сўм;
- ден-саўлықты сақлаў тараўына 63 млрд 653 млн 910 мың сўм;